



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$56.4 MILYON DOLA SIBVANSYON POU
AMELYORASYON ENFRASTRIKTI POU DLO NAN REJYON KAPITAL AK MOHAWK
VALLEY**

***Sibvansyon an ap Favorize \$283.4 Milyon dola nan Envestisman Pou Bon Jan Kalite
Dlo, Nan Bay \$158 Milyon dola nan Ekonomi pou Moun ki Peye Enpo yo***

Gouvènè Cuomo te anonse jodi a \$56.4 milyon dola sibvansyon pou sipòte 30 pwojè enfrastrikti dlo minisipal enpòtan nan Distrik Kapital ak Mohawk Valley. Sa se premye nan yon seri de anons k'ap lanse dezyèm etap Sibvansyon Dlo NYS yo. Sibvansyon sa yo finanse atravè Lwa Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo ki te reyisi anpil nan eta a.

“Envesti nan enfrastrikti dlo nou yo enpòtan pou kwasans ak dire lavi kominote lokal nou yo atravè New York”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Finansman sa pral ede kominote nan Rejyon Kapital ak Mohawk Valley yo fè modènizasyon ki nesèsè ki pral amelyore kalite dlo a, pwoteje resous natirèl nou yo, epi soulaje fado moun k'ap peye enpo yo pou pwopriyete lokal yo.”

Bidjè Eta New York pou ane 2016-17 lan gen ladan'l \$100 milyon dola sibvansyon pou amelyorasyon enfrastrikti pou dlo yo. Finansman adisyonèl sa te pèmèt Kòporasyon Etablisman Anviwònmantral yo pou li elaji elijibite pou pwojè dlo ize yo, epi bay yon montan total de \$175 milyon dola pou dezyèm etap lan. An plis, montan sibvansyon maksimòm pou pwojè dlo potab yo te ogmante soti nan \$2 milyon dola pou rive nan \$3 milyon dola, oubyen 60 pousan nan montan depans pou pwojè ki elijib yo – sa ki pi piti a nan 2 ka sa yo.

John J. Flanagan, ki se Lidè Majorite Sena a, te deklare, “Kominote atravè New York yo ap fè fas ak enfrastrikti dlo k'ap degrade ki afebli ekonomi an, anviwònman an, ak kalite lavi rezidan nou yo. Finansman sa yo pral ede minisipalite yo sipòte pwojè ki abòde pwoblèm ki koze akòz ekipman ki fèb oubyen ki pa mache, pou ke dlo nou yo ka vin pi pwòp epi pou eta nou an vin kapab sipòte kwasans ekonomik k'ap ogmante ki pral kreye plis nouvo travay. Mwen fyè de wòl Sena nan kreye epi elaji pwogram enpòtan sa, epi li pral kontinye rete yon priyorite pou chanm nou an.”

Carl E. Heastie, ki se Pòt Pawòl Asanble a, te deklare, “Sibvansyon sa yo reprezante angajman nou pou asire ke Nouyòkè yo gen pi bon jan kalite dlo pou pwoteje non sèlman sante popilasyon an, men tou anviwònman an. Finansman adisyonèl sa yo pral kontinye ajoute sou sa nou te akonpli nan bidjè a, pou asire ke montan depans sa yo pou amelyore enfrastrikti pou dlo nan eta nou an pa mete yon fado ki twò lou sou do moun k'ap peye enpo yo, oubyen minisipalite yo.”

Pwojè sa yo ke yo te anonse jounen jodi a gen ladan yo an premye planifikasyon, konsepsyon ak konstwiksyon oubyen amelyorasyon estasyon tretman dlo ize yo, estasyon ponp yo, sistèm bouch egou yo ak ekipman yo, menm jan ak modènizasyon ak ranplasman pou sistèm dlo potab yo, izin filtrasyon yo ak kondwi prensipal dlo yo.

Prim sibvansyon yo te baze sou yon sistèm kantite pwen ki te bay priyorite a pwojè ki bay pi gwo rezilta amelyorasyon kalite dlo, oswa rediksyon nan risk sante pou popilasyon an, epi ki te pozisyone pou avanse nan konstwiksyon, pami lòt konsiderasyon yo.

Anplis de sibvansyon yo, EFC bay prè lajan ak to enterè ki fèb, ansanm ak prè lajan ki san to enterè pou kominote yo kapab redwi pi plis montan depans pou pwojè enfrastrikti yo. Sibvansyon yo ki te anonse jodi a prevwa pou konplete avèk prèske \$218 milyon dola lajan prè ak to enterè ki fèb epi san to enterè, k'ap pèmèt investisman ki pi abòdab sou plan fiskal pou kominote sa yo.

Minisipalite nan Rejyon Kapital ak nan Mohawk Valley k'ap resevwa sibsvansyon yo se:

Sibvansyon DLO NYS	Non Kandida	Konte	Estimasyon Montan Depans pou Pwojè a	Estimasyon Montan Prè SRF	Estimasyon Montan Sibvansyon yo Resevwa
Clean Water	Albany Municipal Water Finance Authority	Albany	\$3,350,000	\$2,512,500	\$ 837,500
Clean Water	Amsterdam, City of	Montgomery	\$5,000,000	\$3,750,000	\$1,250,000
Clean Water	Ballston, Town of	Saratoga	\$10,238,252	\$7,678,689	\$2,559,563
Drinking Water	Cairo, Town of	Greene	\$3,500,000	\$1,400,000	\$2,100,000
Clean Water	Catskill, Town of	Greene	\$12,600,000	\$9,450,000	\$3,150,000
Drinking Water	Central Bridge WD	Schoharie	\$5,000,000	\$2,000,000	\$1,000,000
Drinking Water	Chatham, Village of	Columbia	\$808,217	\$323,287	\$ 484,930
Drinking Water	Cobleskill, Village of	Schoharie	\$4,833,000	\$1,933,200	\$2,899,800
Drinking Water	Cohoes, City of	Albany	\$2,421,168	\$968,467	\$1,452,701
Clean Water	Corinth, Village of	Saratoga	\$20,467,028	\$15,467,028	\$5,000,000

Clean Water	Coxsackie, Village	Greene	\$10,272,000	\$7,704,000	\$2,568,000
Clean Water	Duanesburg, Town of	Schenectady	\$3,000,000	\$2,250,000	\$ 750,000
Drinking Water	Gloversville, City of	Fulton	\$5,000,000	-----	\$3,000,000
Clean Water	Greenville, Town of	Greene	\$6,285,081	\$4,713,811	\$1,571,270
Drinking Water	Herkimer, Town of	Herkimer	\$1,700,000	\$680,000	\$1,020,000
Drinking Water	North Greenbush, Town of	Rensselaer	\$3,620,000	-----	\$2,172,000
Clean Water	Oneida County	Oneida	\$114,886,100	\$109,886,100	\$5,000,000
Drinking Water	Oneonta, City of	Otsego	\$2,000,000	\$ 800,000	\$1,200,000
Drinking Water	Oneonta, Town of	Otsego	\$6,000,000	\$3,000,000	\$1,000,000
Clean Water	Rensselaer County Sewer District #2	Rensselaer	\$8,399,547	\$6,299,660	\$2,099,887
Clean Water	Rome, City of	Oneida	\$5,891,200	\$4,418,400	\$1,472,800
Clean Water	Schenectady, City of	Schenectady	\$23,785,810	\$18,785,810	\$5,000,000
Clean Water	Sharon Springs, Village of	Schoharie	\$1,639,600	\$1,229,700	\$ 409,900
Drinking Water	Stark, Town of	Herkimer	\$600,000	\$240,000	\$ 360,000
Drinking Water	Troy, City of	Rensselaer	\$3,233,000	\$1,293,200	\$1,939,800
Clean Water	Utica, City of	Oneida	\$4,670,000	\$3,502,500	\$1,167,500
Clean Water	Vernon, Village of	Oneida	\$6,000,000	\$4,500,000	\$1,500,000
Drinking Water	Watervliet, City of	Albany	\$3,770,640	-----	\$2,262,384
Drinking Water	Worcester, Town of	Otsego	\$245,000	-----	\$ 147,000
Clean Water	Yorkville, Village of	Oneida	\$4,200,000	\$3,150,000	\$1,050,000
TOTAL			\$283,415,643	\$217,936,352	\$56,425,035

Sabrina Ty, ki se Prezidan ak CEO Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal Eta New York lan, te deklare, “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta a te pran yon angajman ekonomik san presedan anvè pwojè anviwònmantal enpòtan yo. Envestisman enpòtan sa yo nan enfrastrikti pou dlo nou yo non sèlman ap pwoteje resous dlo presye nou yo, men tou y’ap favorize kwasans ekonomi nou an.”

Basil Seggos, ki se Komisè Depatman Pwoteksyon Anviwònmantal Eta New York lan, te deklare, “Finansman sa yo enpòtan anpil pou asire ke yo fè modènizasyon ki nesèsè nan enfrastrikti pou dlo pwòp nan eta a. DEC fyè pou li travay ansanm ak EFC pou fè pwojè enpòtan sa yo avanse, e ki vrèman esansyèl pou pwoteje anviwònman nou an epi pwomouvwa kwasans ekonomik pèmanan.”

Komisè Sante Eta New York, Doktè Howard A. Zucker te deklare, “Angajman Gouvènè Cuomo an pou amelyore enfrastrikti pou dlo minisipal nan tout eta nou an pral asire ke leta rete aktif nan pwoteje gwo sous dlo nou yo pou ane k’ap vini yo. Lwa Amelyorasyon Enfrastrikti pou Dlo nan New York lan ap ede kominote lokal yo finanse pwojè amelyorasyon kalite dlo yo ki esansyèl pou pwoteje sante popilasyon an ak anviwònman.”

Depi ane 2011, New York te investi aviwon \$9 milya dola nan alafwa sibvansyon dlo ize ak sibvansyon dlo potab yo, ti prè lajan ki pa gen enterè sou yo, menm jan ak retounen finanse prè yo. Eta New York ap mennen nan tèt peyi a ak pi gwo investisman anyèl nan enfrastrikti pou bon jan kalite dlo.

W’ap jwenn plis enfòmasyon sou kijan pou ou aplike pou prè sa yo ki disponib nan www.efc.ny.gov/CWSRF (pou pwojè dlo ize yo) epi nan www.efc.ny.gov/DWSRF (pou pwojè dlo potab yo).

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418